ki gën ci yéen mooy ki jàng Alxuraan te di ko jàngale

Jële nañu ci Usmaan -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu jële ci Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu wax ne: «ki gën ci yéen mooy ki jàng Alxuraan te di ko jàngale».

[Wér na] [Al-buxaariy soloo na ko]

Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- day xibaare ne ki gën ci jullit ñi te gën leen a kawe ay daraja fa Yàlla mooy: ki xamlu Alxuraan, cig jàng ak mokkal ak dégg ak firi, te xamal ñeneen ñi la mu am ci xam-xami Alxuraan ànd ak di ko jëfe.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/5913